



Efikasite enèjetik

Kijan sa mache? Ki benefis ki genyen?




Kisa efikasite enèjetik siyifi?

Efikasite enèjetik ede yon bilding fonksyone avèk mwens elektrisite.

Lè ou amelyore efikasite a, sa ekonomize elektrisite ak lajan.

Epi se premye pa lè n ap konsidere yon mikwogriy!





Chanje zanpoul yo

Zanpoul LED yo itilize 75%
mwens elektrisite pase
zanpoul nòmàl yo!

Ekonomize elektrisite se
ekonomize lajan!

Izolasyon

Izole mi ak twa kay la pou garantitanparetai deyò yo pa afekte tanperati anndan kay la.

Pandan peryòd lete, lè kondisyone w pa bezwen mache twò fò pou kenbe apatman ou an fre!

Lè ou itilize mwens elektrisite, ou ekonomize lajan!



Bouche Twou ak Fant yo



Lè gen lè k ap chape andedan
oswa andeyò yon bilding nan
twou oswa fant, sa lakòz pèt
chalè,


Fè kay ou vin etanch pou pa lè
chape pou anndan an vin pi
konfòtab.

Fenèt yo


Se pa tout fenèt ki menm!

Fenèt doub oswa trip vitraj ki ranpli ak yon gaz izolasyon garanti kay ou pral rete byen cho pandan livè epi fre pandan peryòd lete.

Epi pa bliye pou bouche tout fant ki toutotou fenèt yo pou anpeche gen fwit!



Aparèy elektrik yo



Ansyen aparèy elektrik yo itilize ANPIL elektrisite. Si ou ranplase yo, ou ka ekonomize kouran ak \$\$!

Lè w ap achte yon nouvo frijidè, machin pou lave veso, machin pou lave rad, elatriye..., asire wyo gen yon klasman Energy Star.

Chof-o ak chodyè yo

Lè w ap ranplase sistèm chofaj yo ak chofaj dlo yo, travay ak moun k ap enstale yo pou w pou chwazi aparèy ki efikas ak elektrik.

Gen ankourajman finansyè ak rabè pou yo!





**Efikasite enèjetik
se yon bagay ki bon
pou anvivwònman
an ak pou bòwo w
yo!**

